

Kòd pratik pou konstriksyon kay: Yon liv pou fè fòmasyon pou fòmman ak

Premye Pati: Liv Fòmasyon



Funded by:



Canada

Supported by:



Ce document ne peut être reproduite et / ou adopté en tout ou en partie à condition qu'il n'y a pas de changement important dans le contenu, les procédures préconisées ou la politique recommandé. Toute personne désireuse de reproduire ou adopter doit en informer par écrit CDEMA.

ISBN: 978-976-8243-18-8



KÒD PRATIK POU KONSTRIKSYON KAY: YON LIV POU FÈ FÒMASYON POU FÒMANN AK BÒS MASON KI GEN EKSPERYANS

PREMYE PATI: LIV FÒMATÈ

Kòd pratik pou konstriksyon kay: Yon liv pou fè fòmasyon pou fòmann ak bòs mason ki gen eksperyans.

Premye pati: Liv Fòmàtè

CARIBBEN DISASTER EMERGENCY RESPONSE AGENCY (CDERA)

OUT 2005

SA KI NAN LIV LA

Anvan tout kòmansman.....	4
Remèsiman	6
Entwodiksyon.....	7
1 Dimansyon travay sa a	8
2 Dokiman referans	8
3 Mo ak definisyon.....	8
4 Prensip Jeneral.....	9
4.1 Objektif	9
4.2 Prensip fòmasyon yo	9
4.3 Metòd fòmasyon an	9
4.4 Repons yo bay pou kesyon patisipan yo	10
5 Prensip evalyasyon yo.....	10
5.1 Metòd evalyasyon yo	10
6 Kontwòl kalite egzamen yo.....	11
Anèks A	12

Anvan tout kòmansman

Se òganizasyon rejyonal Karikòm pou estanda ak kalite ki te prepare *Kòd pratik pou konstriksyon kay la: yon liv pou fè fòmasyon pou fòmann ak bòs mason ki gen eksperyans*, pa mwayen Komite teknik jesyon li a. Kòd pratik la chita sou lòt jefò ki te fèt nan Karayib la pou chita sou kesyon konstriksyon solid nan sektè fòmèl ak enfòmèl la. Se Ajans Karayibeyen pou Repons Ijan nan Dezaz (AKRID/CDERA) ak konkou Òganizasyon Eta Ameriken (OEA) ki te prepare liv fòmataè ak liv etidyan yo, ak finansman ki soti nan Ajans Kanadyen pou Devlopman Entènasyonal (AKDE/ACDI), sou lobedyans Pwogram Karayibeyen pou Ranfòse Kapasite pou Redui Risk (CHAMP).

Ak pwogram sa a, yo te fè yon evalyasyon sou kalite pratik konstriksyon ki egziste nan sektè enfòmèl la, opòtinite pou fè fòmasyon, kapasite lekòl teknik lokal yo, kantite règ/lwa sou konstriksyon ki egziste ak kad pou kontwole epi pase men nan sa ki ekri sou sa. Evalyasyon sa a te tabli baz referans sou aktivite fòmasyon ki egziste nan sektè enfòmèl la, ki te kontribye nan preparasyon yon pwogram fòmasyon sou konstriksyon ki pi solid.

Pwogram nan te chita sou enfòmasyon ki nan direktiv sou konstriksyon Òganizasyon Eta ki nan Lès Karayib la (OELK/OECS) epi yo te teste l nan rejyon an pa mwayen yon atelye fòmè-fòmataè nan peyi Grenad ak yon atelye fòmè-fòmataè nan peyi Beliz ann avril 2005. Apre sa, yo te rafine pwogram nan epi yo te itilize l pou fè fòmasyon nan Eta pilòt CHAMP an nan peyi Beliz, Grenad ak Sentlisi; ak Zile Vyèj Britakik yo. CDERA te tabli yon gwoup travay teknik ki gen ladan lekòl komès nan rejyon an ki t ap fini pa anseye pwogram nan, atout enstitisyon kredi ki bay ipotèk nan karayib la pou prepare yon pwogram/kou sou konstriksyon ki pi solid. Gwoup Koperasyon Tematik sou konstriksyon pi solid CDERA a te apwouve kou a. Òganizasyon Eta Ameriken (OEA) te bay lòt sipò teknik ak manm Gwoup Koperasyon Tematik sou konstriksyon pi solid CDERA a, ki te bay konkou nan koreksyon dokiman an.

Nan mwa dawout 2005 CDERA te tanmen diskite ak òganizasyon rejyonal KARIKÒM pou Nòm ak Kalite (ORKNK/CROSQ) Komite jesyon Teknik la sou pèmasyon pou kou sou konstriksyon pi solid li a. An novanm 2005, yo te konvoke yon reyinyon Komite Jesyon Teknik ORKNK/CROSQ a pou egzaminen pwogram/kourikoulòm nan, liv etidyan ak liv fòmataè pou kou sou konstriksyon pi solid la. CDERA te pase men nan dokiman an dekwa pou l te ka respekte rekòkandasyon Komite Jesyon Teknik la epi yo te revoye dokiman an bay pati konsène yo pou lòt kòmantè. An fevriye 2006 yo te konvoke komite koreksyon CROSQ a pou korije l dokiman nou rele jodi a Kòd Pratik pou Konstriksyon Kay: Yon liv pou fè fòmasyon pou fòmann ak bòs mason ki gen eksperyans – Premye pati: Liv fòmataè epi yo te voye l bay Konsèy CROSQ 9-10 mas 2006 la pou apwouve l.

Yo te prepare dokiman sa a ann akò ak regleman ISO/IEC yo, Dezyèm pati: Règ sou estrikti ak jan pou ekri nòm entènasyonal yo. Dokiman sa a se Premye Pati nan yon seri ki gen 2 Pati – Kòd Pratik pou konstriksyon kay: Yon liv pou fè fòmasyon pou fòmann ak bòs mason epi yo ta dwe sèvi avè l atout Kòd pratik pou konstriksyon kay: Yon liv pou fè fòmasyon pou fòmann ak bòs mason – Deyèm pati: Liv etidyan. Pwochen dat pou pase men nan dokiman sa a se avril 2009.

Remèsiman

Ajans Karayibeyen pou Repons Ijan nan Dezas (AKRID/CDERA) vle prezante apresasyon sensè ak tout rekonesans li bay anpil patnè li ki te potekole pou yo te rive prepare premye Kòd pratik konstriksyon kay sa a: Yon liv pou fè fòmasyon pou fòmann ak bòs mason nan Karayib la.

CDERA te tabli yon gwoup travay teknik pa mwayen Patenarya Enjenyè konsiltan (PEK/CEP) pou travay sou pwogram/kou Kòd Pratik konstriksyon kay la ak materyèl fòmasyon yo. Patisipan yo te gen ladan Samuel Jackman Prescod Polytechnic; Babad, Edikasyon teknik ak pwofesyonèl ak Konsèy Fòmasyon; Babad, Sant fòmasyon pou travay; Beliz, Kolèj Kominotè T. A. Marryshow; Grenad, St Patrick's Multi Purpose Centre; Grenad, Kolèj kominotè Lavity Stoutt; Zile Vyèj Britanik, Kolèj Kominotè Sir Arthur Lewis; Sentlisi, Inivèsite Teknoloji, Jamayik; Asosyasyon asirans nan Karayib la, Asosasyon Bank endijèn kayayib yo; ak òganizasyon rejyonal Karikòm pou nòm ak kalite (ORKNK/CROSQ). Òganizasyon Eta Ameriken te bay lòt sipò teknik atout manm Gwoup Koperan Tematik CDERA sou konstriksyon pi solid la, ki te ede korije dokiman an.

Mete sou sa, Òganizasyon Rejyonal Harikòm pou Nòm ak Kalite (ORKNK/CROSQ) pa mwayen Komite Jesyon Teknik li a ak Komite Editoryal la te fasilite finisman dokiman an.

Se sipò lajan (AKDE/ACDI) ki te rann pwodiksyon dokiman sa a posib.

Entwodiksyon

Sitiyasyon jewografik rejyon Karayib la, ki se rezon ki fè li te attire moun ki ret ladann ak moun ki vizite l, se petèt baz frajilite l tou devan risk natirèl tankou tanpèt twopikal, siklòn, inondasyon, eklatman vòlkan, dife ak deboulonman teren. Nan rejyon an, domaj dirèk ak endirèk ki soti nan risk natirèl pandan trant dènye lane yo estime ant \$700 milyon rive \$3.3 milya dola meriken chak ane.

Yon gwo pòsyon nan richès tout nasyon investi nan konstwi anviwonman: kay, enfrastrikti, enstalasyon endistriyèl ak komèsyal. Estatistik demontre ke nan dènye tan sa yo gen yon ogmantasyon nan domaj move pratik konstriksyon lakoz (Kit se metòd konstriksyon kit se materyo) ak move enplantasyon komèsan kenkayri andyoze moun fè. Preparasyon yon sistèm regleman pou konstriksyon (kòd konstriksyon, itilizasyon teren ak preparasyon plan, ak yon sistèm enspeksyon) jwe yon wòl enpòtan nan asire kalite anviwonman konstriksyon an.

Yon gwo pousantay kay nan Karayib la konstwi konstwi pa sektè enfòmèl konstriksyon k ap fonksyonnen andeyò endistri konstriksyon fòmèl ki reglemante ak nòm konstriksyon ak otorite k ap fè plakifikasyon yo. Se yon ti ponyen kontraktè ak bòs ki respekte nòm ak kòd konstriksyon ki dominan sektè sa a. Mete sou sa, anpil bòs nan sektè a, nan pifò ka, pa t janm resevwa fòmasyon fòmèl oswa diplòm. Fòmasyon pou moun nan tout branch endistri konstriksyon sou teknik konstriksyon apwopriye se yon kontribisyon enpòtan pou kòd ak lwa, epi kapab vrèman ogmante kalite sektè byen frajil sa a sou mache kay la.

Sou baz sa ki te déjà fèt ak ansyen tantativ nan Karayib la, Òganizasyon Eta Ameriken (OEA) te dirije Pwojè Rediksyon Dezaz nan Karayib la (PRDK/CDMP) ak Pwojè Rediksyon Dezaz Apre Gòdonn (PRDAJ/PGDM) nan sektè fòmèl ak enfòmèl konstriksyon yo, Pwogram Ranfòsman Kapasite pou Redui Risk (PRKRR/CHAMP) te devlope an 2001 kòm mekanis kote anpil leson yo te aprann nan ansyen tantativ to te kab ranfòse epi devlope. Pwogram CHAMP a ke (AEKD/AKDI) te finance pandan twazan te rekonèt fòskote ki gen nan divès entèvensyon ak rechèch pou pwodui yon kad rejyonal pou pwofesyonèl ki diplome nan teknik konstriksyon pi solid nan sektè enfòmèl la, atout komèsan ki estoke materyo konstriksyon pi solid pou vann.

Pou sa reyisi, demach pou rekonèt diplòm yo dwe fèt nan nivo Karikòm pou depasman konpetans anndan Grenn Mache ak Ekonomi Karayib la (GMEK/CSME) epi kòm premye etap, CDERA te kòmanse brase lide ak Òganizasyon Rejyonal Karikòm pou Nòm ak Kalite (ORKNK/ CROSQ) pou jwenn sipò yo pou rekonèt yon grenn pwogram konstriksyon kay nan karayib la ki t ap sèvi kòm baz diplòm bòs nan rejyon an t ap resevwa.

Sou konsèy Komite Jesyon Teknik CROSQ a, yo te revize pwogram konstriksyon pi solid la pou l vin Kòd Pratik pou konstriksyon Kay: Yon liv pou fè fòmasyon pou fòmman ak bòs mason ki gen eksperyans.

1 Dimansyon travay sa a

Kou sou kòd pratik konstriksyon kay la fèt pou l diplome moun k ap bati kay, dekwa pou yo kab konstwi kay nan Karayib la ki mwens frajil devan risk natirèl yo. Sa mande pou yo konn gwo nòm planifikasyon konstriksyon yo, materyo konstriksyon ak metòd konstriksyon yo. Liv fòmatè sa a bay enfòmasyon sou fòmasyon ak prensip evalyasyon pou elèv granmoun, epi yo ta dwe sèvi ak li atout Kòd pratik pou konstriksyon kay la: yon liv pou fè fòmasyon pou fòmman ak bès mason ki gen eksperyans. – Dezyèm pati: Liv etidyan yo. Tout prensis sa yo ki fèt pou aprann granmoun esplike pwòp tèt yo. Ensèyman yo ta dwe fèt nan seyans fòmasyon dekwa pou efikasite kou a ka maksimòm.

Dezyèm pati nan Kòd la ap disponib sou sit wèb CDERA a (www.cdera.org) nan yon yon fòm PDF moun ka dawounlode. Etidyan ka dawounlode epi enprime dokiman an, oswa enstitisyon k ap fè fòmasyon an ka enprime kopi epi bay etidyan yo, oswa yo ka pase dokiman an sou yon ekran nan klas la ak yon konmpitè.

Kòd la pa gen kritè sou plonbri ak enstalasyon elektrik.

2 Dokiman referans

Nou te sèvi ak dokiman sa yo pou n prepare kòd la:

- Barbados National Standards Institute, Barbados National Building Code, 1993
- Organisation of Eastern Caribbean States, Grenada Building Guidelines, 1999
- Virgin Islands, Building Regulations, 1999
- Belize Chamber of Commerce and Industry, Belize Residential Construction Standards, 1999

3 Mo ak definisyon

Nou sèvi ak definisyon mo sa yo pou bon itilizasyon dokiman sa a.

3.1

Prensip pou aprann granmoun

Prensip ki fè granmoun aprann pi fasilman

3.2

Modil

Seksyon nan kou a ki ka gen rapò ak lòt seksyon yo.

4 Prensip Jeneral

4.1 Objektif

Objektif kòd la se pou bay fòmman konstriksyon kay abitab ase enfòmasyon itil, pou pèmèt yo sèvi ak metòd konstriksyon yo kòmsadwa epi chwazi materyo pou yo kapab bati kay ki mwens frajil devan risk natirèl yo nan Karayib la.

4.2 Prensip fòmasyon yo

Patisipan nan klas la se granmoun ki gen dezan eksperyans pou pi piti nan konstriksyon, epi ki kab nan travay pandan y ap swiv kou a. Fòmata a ta dwe foure prensip pou aprann granmoun sa yo nan dewoulman kou a:

- a) pèmèt patisipan yo pataje eksperyans pratik yo pou ogmante valè fòmasyon an toutotan l ap dewoule;
- b) rann enfòmasyon ki aplikab dirèkteman ak bezwen patisipan yo aksesib pou amelyore pèfòmans yo epi rezoud pwoblèm yo;
- c) pèmèt patisipan yo epi kesyonnen enfòmasyon yo pou yo ka rive aksepte yo;
- d) respekte opinyon patisipan yo;
- e) bay patisipan yo ase tan pou yo panse sou yon nouvo enfòmasyon pou yo ka fè analiz kritik li;
- f) ankouraje patisipan yo pou yo mete nouvo lide ak enfòmasyon yon ak sa ki te egziste déjà epi pou yo kontinye itilize nouvo enfòmasyon sa a;
- g) santre fòmasyon an sou yon tèm/sijè alafwa, ak jan yo ka sèvi ak yo pou rezoud pwoblèm yo.

Kòd sa a te fèt pou etidyan granmoun e li yon ti jan touche prensip b, f, ak g yo.

4.3 Metòd fòmasyon an

Yo dwe aplike fòm sa a.

- a) Se pou dwe ankouraje patisipan yo pataje eksperyans nan kòmansman chak seyans fòmasyon. Domèn yo rekòmande pou brase lide se planifikasyon konstriksyon, materyo ak metòd apwopriye pou modil y ap diskite sou yo a.
- b) Alòs, enfòmasyon ki nan modil y ap konsidere a ta dwe prezante ak opotinite pou etidyan yo poze kesyon nan finisman chak seyans fòmasyon.
- c) Patisipan to dwe detaye metòd konstriksyon yo anplwaye yo anvan yo prezante metòd konstriksyon espesyal la pou fòmata a ka konprann fòskote ki gen nan pratik yo genyen kounye a.
- d) Yo pa dwe prezante plis pase yon modil pandan yon seyans nan klas.

- e) Partisipan yo dwe vizite kote ki gen konstriksyon k ap fèt pou yo ka idantifye lide yo te prezante nan dènye modil la.

4.4 Repons yo bay pou kesyon patisipan yo

Fòmatè a pa dwe kite kesyon oswa kòmantè patisipan yo entimide li, espesyalman lè eksperyans yo genyen nan nòm konstriksyon depase sa ki detaye nan Kòd la. Fòk nou pa bliye ke Kòd la gen ladan nòm minimòm, epi li akseptab si patisipan yo pwopoze pi gwo nòm. Lè y ap diskite kesyon pi gwo nòm, yo dwe konsidere kantite lajan konstriksyon kay la ap koute.

Fòmatè¹ a dwe voye kesyon patisipan yo te gen sou enfòmasyon yo ki pa detaye nan dezyèm pati Kòd la bay òganizasyon ki pibliye liv la. Fòmatè a dwe reponn kesyon patisipan yo nan pwochen kou a.

5 Prensip evalyasyon yo

Yo dwe teste eleman aprantisay konitif, psikomotè ak afektif pou yo ka teste konesans, devlopman konpetans psikomotè ak atitud ak vale youn apre lòt.

5.1 Metòd evalyasyon yo

5.1.1 Yo ka teste aprantisay konitif pa mwayen egzamen aloral oswa ekri nan klas. Patisipan yo dwe montre yo gen ladrès nan:

- a) Konprann epi sonje enfòmasyon sou planifikasyon konstriksyon an;
- b) Idantifye epi chwazi bon kalite materyo konstriksyon;
- c) Konprann epi sonje metòd konstriksyon yo.

5.1.2 Yo ka teste aprantisay afektif la nan klas ak sou chantye. Yo ka mezire atitud patisipan yo nan kou a nan volonte yo montre yo genyen pou yo itilize nòm konstriksyon apwopriye yo, jan sa te detaye nan dezyèm pati Kòd la.

¹ Nou ankouraje fòmatè yo pou enfòme òganizasyon ki pibliye Dezyèm pati Kòd la sou tout sa ki ta manke ladan. Kòmantè oswa kesyon yo dwe al nan adrès sitwèb kou Safer Building nan: www.crosq.org, adrès Imel: saferbldgcourse@crosq.org oswa pa faks [nimewo], pou yon repons apwopriye atan.

5.1.3 Yo teste aprantisay psikomotè sou chantye. Fòmàtè a dwe vizite chantye kote patisipan yo ap travay epi evalye metòd yo travay selon Dezyèm pati Kòd la.

Nou ka evalye pèfòmans patisipan yo nan finisman kou a pou n elimine estrès yo ka genyen lè yo konnen davans yo gen yon egzamen pou yo fè.

6 Kontwòl kalite egzamen yo

Se yon ajans rejyonal apwopriye k ap gen pou l jere egzamen final la.

FINISMAN

Anèks A

(Nòmatif) Pwogram kou a

A.1 Entwodiksyon

Pwogram kou sa a detaye sa nou vize, sa ki ladan ak objektif kou sou konstriksyon pi solid la, ki fèt pou amelyore konesans teknik patisipan ki swete dirije aktivite konstriksyon kay.

A.2 Evalyasyon ladrès ak kapasite ki pou fèt

Pwogram kou a fèt pou teste ladrès ak kapasite patisipan yo nan de nivo konesans:

- a) Konesans sou pwosedi – ki se kapasite pou l sonje, chwazi epi itilize yon aktivite konstriksyon espesyal nan kontèks pozisyon kòrèk li nan sekans apwopriye li genyen nan aktivite konstriksyon yo;
- b) Konesans annapre – se kapasite pou l sonje, chwazi epi itilize yon aktivite konstriksyon pou l evite oswa redui yon risk domaj.

A.3 Sa ki nesesè pou yon moun gen dwa patisipe nan kou a

Sa nou pral bay la yo se sa ki nesesè pou yon moun gen dwa patisipe nan kou a :

- a) Yon sètifika/diplòm nan mason oswa chapant ki gen dèyè l yon djòd nan endistri konstriksyon an kòm bès oswa fòmman pou yon period ki pa mwens pase de lane; oswa
- b) Anplwaye nan endistri konstriksyon an kòm mason oswa fòmman andan yon dire total ki pa mwens pase kat lane.

A.4 Jan kou a balanse

Kòd pratik konstriksyon kay la òganize an 8 modil, jan yo montre sa nan Tablo A.1 an.

Tablo A.1 – Jan nou pwopoze balanse kou a

	Modil	Kantite	Kantite
		lè	Chantye yo vizite
		(è)	(CHV)
1.	Prezantasyon kou a/oryantasyon	1	0
2.	Planifikasyon anvan konstriksyon	3	1
3.	Preparasyon chantye	3	1
4.	Fondasyon	4	1
5.	Atè	3	1
6.	Mi	3	1
7.	Do kay	5	1
8.	Ti reparasyon ann	3	1
	Total	25	7

Chak modil dwe dire twazè d tan kou nan klas pou pi piti epi li dwe gen ladan yon vizit chantye pou pi piti. Tan total pou tout kou a fini pa dwe mwens pase 25è d tan kou nan klas ak 7è d tan vizit chantye. Pliske patisipan yo ap plis gen chans travay lajounen, kou yo ka fèt nan apremidi. Yo pa dwe depase yon modil pa semenn, sa k ap vin bay uit semenn kou.

Se patisipan ki montre yo konprann omwens 80% nan sijè yo wè nan chak modil ki dwe resevwa diplòm/sètifika.

A.5 Objektif kou a

Nan finisman kou a, etidyan yo dwe kapab:

- Sonje, chwazi epi itilize aktivite espesyal konstriksyon nan kontèks li ak nan pozisyon kòrèk li nan sekans aktivite konstriksyon apwopriye yo;
- Sonje, chwazi epi itilize aktivite konstriksyon pou evite oswa redui risk domaj;
- Rezime metòd konstriksyon pi solid dekwa pou lè yo itilize yo, sa ka pèmèt estrikti (poto ki kenbe kay la) sipòte danje natirèl;
- Idantifye epi chwazi bon kalite materyo konstriksyon pou n itilize antan n ap fè sèten ke nou itilize metòd ki pi solid yo pou n bati kay;
- Fè epi egzekite plan konstriksyon ki pou aplike nan sitiyasyon reyèl lavi.

A.5.1 Modil 1: Prezantasyon kou a

Prezantasyon kou a se yon oryantasyon sou kou a, kote kote nou ranmase sa patisipan yo ap espete aprann nan kou a epi nou esplike reskonsablite ak benefis kou a.

A.5.1.1 Sa nou vize

Modil sa vize bay patisipan yo ase enfòmasyon pou pèmèt yo:

- a) Deploje ase enterè pou kou a dekwa pou yo ka pran angajman pou yo asiste chak kou;
- b) Apresye enpòtans tout aktivite sou konstriksyon kay yo.

A.5.2 Modil 2: Planifikasyon anvan konstriksyon

Planifikasyon kòm sadwa anvan konstriksyon kab rann li fasil pou n fini yon kay ki byen bati atan epi depanse mwens kòb. Kontrè a vrè tou. Seyans sa a ap detaye aktivite planifikasyon ki apwopriye pou moun k ap bati kay epi l ap bay patisipan yo ase konsepsyon pou yo planifye pwojè konstriksyon an ak efikasite.

A.5.2.1 Objektif

Seyans sa a vize bay patisipan yo ase enfòmasyon pou pèmèt yo, an plis:

- a) jere pwojè konstriksyon an kòm sadwa;
- b) itilize bon kalite materyo konstriksyon;
- c) konstwi eleman estrikti (ferayaj) ki solid pou konstriksyon;
- d) konekte eleman estrikti ferayaj konstriksyon yo ansanm kòm sadwa;
- e) bati yon kay ki gen yon minimòm frajilite devan menas natirèl yo.

A.5.2.2 Tèm

Men tèm ki gen nan modil sa a.

- a) Pwosesis apwobasyon planifikasyon
- b) Kontra ak kliyan an
- c) Konstriksyon solid
- d) Kalite materyo
- e) Kalite jan yo mare kwen
- f) Estabilite ferayaj

A.5.2.3 Objektif

Patisipan yo dwe kapab:

- a) esplike konsekans posib lè yon konstriksyon kòmanse san leta pa bay otorizasyon l pou plan an;
- b) siyen yon kontra konstriksyon ak yon kliyan;
- c) esplike kouman pou yo jere varyasyon ki fèt parapò ak kontra konstriksyon an;
- d) esplike kouman kouman yo declare yon materyo bon kalite;
- e) esplike kouman yo pwoteje eleman ki nan estrikti ferayaj la;
- f) esplike kouman yo konekte eleman estrikti ferayaj yo ansanm.

A.5.3 Preparasyon chantye

A.5.3.1 Objektif

Seyans sa a vize bay patisipan yo ase enfòmasyon pou pèmèt yo, an plis:

- a) idantifye zòn konstriksyon ki frajil;
- b) idantifye mwayen pou redui frajilite yon kay yo pwopoze;
- c) jan pou yo fè yon plan kay kòrèk;
- d) jan pou yo sere materyo kòmsadwa;
- e) jan pou yo fè wout ki mennnen sou chantye a kòrèkteman.

A.5.3.2 Tèm

Men tèm ki gen nan modil sa a.

- a) Kondisyon chantye a
- b) Netwayaj chantye a
- c) Enplantasyon
- d) Met materyo nan depo
- e) Wout pou machin rantre

A.5.3.3 Objektif

Patisipan yo dwe kapab esplike:

- a) fajilite zòn yo ak jan pou yo redui risk;
- b) konsekans sizoka yon enplantasyon pa ta fèt kòmsadwa;
- c) konsekans si materyo konstriksyon yo mal estoke nan depo;
- d) demach pou fè wout ki mennnen nan chantye a.

A.5.4 Modil 4: Fondasyon

A.5.4.1 Objektif

Seksyon sa a vize bay patisipan yo ase enfòmasyon pou pèmèt yo, anplis:

- a) chwazi yon tip fondasyon ki apwopriye;
- b) konprann kouman monte/bati chak tip fondasyon;
- c) Konprann lantouraj ki sèvi kòm ranfò;
- d) konn kilè pou al chèche konsèy nan men enjenyè.

A.5.4.2 Tèm

Men tèm ki gen nan modil sa a.

- a) Fouy
- b) Kondasyon poto anbwa
- c) Ranbleyaj semèl
- d) Semèl filant
- e) Fondasyon an platfòm bwa

A.5.4.3 Objektif

Patisipan yo dwe kapab esplike jan chak tip fondasyon rive fèt epi pou ki sikonstans chak tip bon.

A.5.5 Modil 5: Atè

A.5.5.1 Objektif

Modil sa a vize bay patisipan yo ase enfòmasyon pou pèmèt yo, anplis:

- a) Chwazi nan ki jan ak ki materyo pou atè fèt dapre sikonstans yo;
- b) Konprann kouman chak kalite atè fèt.

A.5.5.2 Tèm

Men tèm ki gen nan modil sa a.

- a) Baz fondasyon ak dal anbalakay
- b) Dal an beton anba lakay ki chita sou semèl filant
- c) Dal an beton ame ki sèvi pou atè epi ki chita sou semèl an beton
- d) Atè ki fèt an bwa epi ki monte sou pout an beton ame (sou semèl filant)
- e) Atè ki fèt an bwa epi ki monte sou poto ki fèt an beton ame (semèl raz/sipèfisyèl)

A.5.5.3 Objektif

Patisipan yo dwe kapab esplike jan chak tip atè rive fèt epi pou ki sikonstans chak tip bon.

A.5.6 Modil 6: Mi/Panno

A.5.6.1 Sa nou vize

Modil sa a vize bay patisipan yo ase enfòmasyon pou pèmèt yo, anplis:

- a) Chwazi yon kalite mi ki apwopriye;
- b) Konprann kouman chak kalite mi fèt/monte

A.5.6.2 Tèm

Men tèm ki gen nan modil sa a.

- a) Mi an blòk beton
- b) Panno

A.5.6.3 Objektif

Patisipan yo dwe kapab esplike jan chak tip mi/panno rive fèt epi pou ki sikonstans chak tip bon.

A.5.7 Modil 7: Do kay

A.5.7.1 Sa nou vize

Modil sa a vize bay patisipan yo ase enfòmasyon pou pèmèt yo, anplis:

- a) Chwazi yon kalite do kay ki apwopriye;
- b) Konprann kouman chak kalite do kay yo fèt;
- c) Rapare yon do kay gwo van kraze/pote ale.

A.5.7.2 Tèm

Menn tèm ki gen nan modil sa a.

- a) Bwa sou yon mi an blòk ki fèk fèt
- b) Bwa sou yon mi an blòk ki te la deja
- c) Bwa sou panno
- d) Reparasyon yon do kay gwo van kraze/pote ale

A.5.7.3 Objektif

Partisipan yo dwe kapab:

Esplike jan chak tip do kay rive fèt epi nan ki sikonstans chak tip bon; Detaye jan pou yo monte/enstale yon nouvo do kay sou yon pout an beton ame ki te la deja, epi detaye tout jan travay pou refè yon do kay dewoule.

A.5.8 Modil 8: Ti reparasyon apre konstriksyon

A.5.8.1 Sa nou vize

Modil sa a vize bay patisipan yo ase enfòmasyon pou pèmèt yo, anplis :
Konprann ke ti reparasyon ann apre se sèlman yon pati nan dewoulman konstriksyon an.

A.5.8.2 Tèm

Men tèm ki gen nan modil sa a.

- a) Enspeksyon ti reparasyon ann apre

A.5.8.3 Objektif

Patisipan yo dwe kapab esplike divès kalite enspeksyon ti reparasyon ann pre epi asosye yo ak aksyon pou solisyone yo.

FINISMAN

Published by
**The Caribbean Disaster
Emergency Management Agency**

Building No.1, Manor Lodge Complex,
Lodge Hill, St. Michael, Barbados, W.I.
Tel: (246) 425 0386 • Fax: (246) 425 8854

www.cdema.org • www.weready.org

Funded by:



Supported by:

